



Kilti kakawo agwo-ekolojik

**REJYON BATIS, PLATO
SANTRAL, AYITI**

Nan kad pwojè agwoforestye « Zewo Kabòn » AYITI a, yon pati nan pwogram global FO-RI¹ a, yon pwojè rechèch-aksyon ki² t ap chèche mete sou pye divès kalite sistèm agwoforestye (SAF) ki divèsifye. Nan lane 2024-2025, Inyon Koperativ Kafe Batis (UCOCAB/IKOKAP) te travay nan tèt kole ak Inivèsite Kreyèn Nò Ayiti (UCNH/IKNA) nan lide pou analize zòn y ap fè etid sou li a, sou fètilite tè yo ak sou abitud fanm ak gason k ap fè agrikilti ak yo pou rive jwenn pi bon kondisyon pou devlope kilti kakawo nan tè ki pa nan mòn.

RANFÒSE KAPASITE POU FÈ FAS AK CHANJMAN KLIMATIK YO

Devlope kilti kakawo a nan zòn ki pa nan mòn yo vle pèmèt fanm ak gason k ap pwodui kafe kapab fè l nan yon wotè ki piti pase 1 000 mètr.

An reyalite, pye kafe yo ap rankontre divès kalite pwoblèm maladi plant ak ensèk (fitosanite ak fitopatolojik³), epi tou gwo pwoblèm chanjman klimatik san parèy yo. Rechofman ki ap fèt nan tout mond lan vin rann mikwòb yo fè plis dega e sa rann anpil plantasyon kafe ap kontinye detwi chak ane. Pwodiksyon kafe ap vin pi difisil chak jou pi plis nan zòn ki pa mòn yo akòz klima ki ap vin pi cho. Moun ki ap travay yo vin gen nan men yo yon tè ki ap degrade ki pa ka bay bon randman. Agwoforè divèsifye a se yon pratik ki bon anpil pou ede rezoud pwoblèm sa yo, li asire sekirite alimantè fanmi ki ap fè agrikilti yo, epi li bay posiblite pou devlope nouvo filyè pwodiksyon tankou kakawo..



METODOLOJI



Dyagnostik kèk moso tè ki fè agrikilti

- 91 ankèt patisipativ fèt sou agrikilti ak ansanm difikilte ki egziste yo;
- Yo te chwazi 17 ekta tè pami manb kooperativ lokal yo ki fè pati rezo UCOCAB/IKOKAP (kondisyon pou patisipe);
- Vizit ak analiz sit yo (nivo degradasyon tè a, lonbwaj, pant, wotè yo plase, kantite pyebwa ki sou tè a, elatriye);
- Anrejistre kote tè yo ye sou kat la ak fè foto yo (premye pati).

Enplantasyon ak swivi sistèm agwoforestye kakawo ak sa ki melanje (kakawo ak kafe)

- Chwa plant ki mache ak kakawo ki plase nan zòn ki ba (pi ba pase 1 000 mètr): pye bwa ki bay fwi+ plant ki bay gous + bannann + pyebwa ki bay lonbraj + kilti moun plante nan jaden pou manje (tankou mayi, pwa, yam);
- Jere yon pepinyè lokal (ki pwodui anviwon 20 000 pye kakawo chak ane);
- Preparasyon sit ki gen ladan bannann ak pwa kongo pou yon tatan k ap sèvi kòm abri (pou ti pye kakawo k ap vini yo) (cajanus cajan);
- Reyalize plantasyon sistèm agwoforestye yo pandan sezon lapli;
- Kontwòl ak netwayaj (sekile, netwaye branch, bare tè a kont bèt, elatriye).

Ranfòse san rete kapasite fanm ak gason k ap fè agrikilti

- Fòmasyon an agwo-ekoloji, jesyon sistèm agwoforestye yo (fètilizasyon, debranchay, antretyen); jere yon pepinyè kakawo, elatriye;
- Swivi teknik tanzantan ak agwonòm e teknisyen ki nan rezo a;
- Fè etid sou mache filyè kakawo a.



FO **RI**

¹Pwogram FO-RI : Rechèch ak inovasyon òganizasyon pwodiktè ak pwodiktris yo ap fè sou agwo-ekoloji pou bati yon sistèm alimantè dirab.

²Pwojè ki marande rechèch ak aksyon sou tèren pou pote solisyon.

³Maladi plant yo ap sibi akòz atak ensèk ak lòt òganis bay.

REZILTA RECHÈCH-AKSYON

1. Selon diferan varyete kakawo ki disponib an Ayiti, kiyès ladan yo ki kapab adapte pou wotè rejyon Batis la ye a?

Se Kakawo ki nan gwoup jenetik *Forastero* a yo plis ankouraje. Nan gwoup san ou jwenn plizyè kalite ki adapte ak kondisyon agwoklimatik Ayiti a, sitou :

- **Amelonado** : se yon varyete ki rezistan e ki donnen byen, yo plante l anpil kote an Ayiti. Li pa trape maladi fasil, li pa gen pwoblèm ak tè ki pa twò rich e pwoblèm klimatik. Varyete sa byen vini nan wotè ki pi piti pase 1000 mètr.
- **Contamana (kontamana)** : yo konnen l pou jan l grandi ak fòs, e li adapte byen nan zòn ki fè cho e ki resevwa anpil lapli, li sipòte sechrès epi li grandi vit..
- **Nacional (Nasyonal)** : menmsi li trape maladi fasil, varyete sa bay kakawo ki gen yon odè ak yon gou wololoy. Se sa ki fè li bon anpil pou melanje l ak lòt varyete nan jaden agwoforè ki konnen yon bon jesyon.
- **Iquitos (Ikito)** : yo byen adapte nan tè ki yon ti jan asid, ak zòn ki fè cho e ki resevwa anpil lapli tankou Batis.
- **Maranón (Maranyòn), Purús (piwous), Nanay, Curaray (kouraray)** : kakawo sila yo gen orijin dirèk dirèk nan *Forastero* ki soti nan rejyon ki trouve l anwo Amazoni. Yo evolye byen nan zòn ki pa fin mòn e ki pa fin plèn, yo gen kapasite pou yo adapte byen lè gen lapli ou lè pa gen lapli ditou depi yo jwenn bon lonbwaj ak bon angrè.

Nan rejyon Batis la, sitou nan zòn ki pi ba pase 1 000 mètr, se varyete *Amelonado*, *Contamana*, ak *Nanay* yo yo pi ankouraje, paske yo parèt rezistan anpil, yo gen fòs, yo adapte fasilman ak diferan kondisyon tè ak anviwònman klimatik, epi yo gen kapasite pou bay bon randman. Varyete sa yo bon anpil pou sistèm agwoforè ki gen divès kalite kilti. Se prezans divès kalite kilti ki ap garanti bon randman pou kilti kakawo a nan yon kad agro-ekolojik.

2. Ki kalite tè nan rejyon Batis ki bon pou kilti kakawo a?

Rejyon sa a genyen divès kalite tè ki ka fè kilti kakawo, sitou nan zòn wotè ki pi piti pase 1000 mètr. Analiz ki melanje pwopriyete chimik, byolojik ak fizik tè yo pèmèt nou wè klè plizyè eleman ki genyen nan tè kilti kakawo a bezwen si nou vle mete sou pye sistèm agwo forestye ki djanm.

- Tè limon ak ajil oswa ajil, se yo nou plis jwenn nan kèk zòn. Tè sa yo gen bon kapasite pou kenbe dlo, yon faktè enpòtan pou kakawo, ki sansib ak tè sèk.
- Jeneralman, nivo kabòn nan toujou soti nan bon pou rive nan bon anpil, ak kantite matyè òganik ki depase 4 pousan nan plizyè echantyon. Sa estimile aktivite mikwòb ak bon kantite gwo òganis ki esansyèl pou estrikti ak fètilite tè yo.
- Nan majorite tè kote yo te pran echantyon yo, nivo asid la varye soti nan modere pou rive nan yon nivo ki wo, avèk pH la ki pi piti pas 5 (pH <5). Sa ka afekte disponiblite kèk eleman nitritif esansyèl, tankou fosfò, kalsyòm ak manyezyòm. Sepandan, li posib pou jere nivo asid la lè yo mete alkalen(baz) ki se yon bon medikman, (tankou wòch kalkè moulen ak sann bwa).
- Kondiktivite elektrik (EC) varye depi ba rive nan nivo modere, ak kèk moso tè kote li depase 1 500 $\mu\text{S}/\text{m}$. Li enpòtan pou swiv nivo sèl la, paske tè ki gen yon gwo kantite sèl ka anpeche plant kakawo yo bwè dlo, espesyalman pandan sechrès..



KOUT TÈT POU PI DEVAN

Plante kakawo selon prensip agwo-ekolojik louvri pòt pou nouvo opòtinite ekonomik pou fanm ak gason ki ap fè agrikilti k ap viv nan zòn ki pa wo nan rejyon Batis la. Dapre yon denye etid ki fèt sou mache a, flyè sa gen yon gwo posiblite pou li ogmante, avèk yon chif dafè yo prevwa ki kapab rive nan plizyè santèn milyon goud nan 20 lane. Pou sa yo prevwa yo rive fèt, sa mande pou yo poze bon jan aksyon estratejik, tankou ogmante plan y ap estoke yo ak renouvle ansyen plantasyon yo, chwazi varyete ki bay bon randman epi ki reponn ak bezwen mache a. Anplis de sa, bay fanm ak gason ki ap fè agrikilti yo bon jan akandremman.

Cette publication a été produite avec le soutien financier de l'Union européenne. Son contenu relève de la seule responsabilité des auteurs et ne reflète pas nécessairement les opinions de l'Union européenne.



Financé par
l'Union européenne

AGRICORD

